**Утверждаю**
**Директор** ___________ / **З.М.Омарова**
«01» 09 **2023г.**

**Согласовано**
«31» август **2023г.**
**Зам. директора по УВР**
/ ___________ / **М.И.Магомедмусаева**

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**По родному языку 5 класс**

**(по 1 часу в неделю, за год по 34часов)**

Планирование составлено на основе общеобразовательной программы
Москва «Просвещение» 2021год
Автор: А.М.Муртазаг1алиевас

**учитель: Магомедалиева М.Г.**

**2023-2024 уч. год**

**ГКОУ РД «Ибрагимотарская СОШ Тляратинского района»**

# Программаялъе баян

Школалъул цӀакъго кӀвар бугеб масъалалъун ккола гӀун бачӀунеб гӀелалъе щулияб ва гъваридаб лъай кьей,гьезулъ гьеб лъай практикаялда хӀалтӀизабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби,дунялалдехун материалияб бербалагьи бижизаби. Авар литературияб мацӀалъул кьучӀ ккола болмацӀ,амма литературияб мацӀ бечелъизе кӀвар бегеб магӀданлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мацӀазго гӀадин,авар мацӀалъги гӀаммаб куцалда тӀолго магӀарулазул рухӀияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда гӀисинал миллатазул мацӀал церетӀеялде цӀикӀкӀараб кӀвар кьолеб буго. Гьел миллатазул рукӀарахъин цебетӀеялдаго цадахъ,гьезул мацӀалги бечелъула,церетӀола ва хадубккунги гьел церетӀезаризе руго.

## Школалда авар мацӀ малъиялда церечӀарал масъалаби.

Авар мацӀ школалда лъазабиялда церечӀарал масъалабилъун ккола:

цӀалдохъабазул кӀалзул ва хъвавул калам цебетӀезаби, пасихӀго цӀали камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мацӀ малъиялъул мурад буго; цӀалдохъабазе фонетикаялъул,лексикаялъул,рагӀи лъугьиналъул ва хисиялъул,грамматикаялъул,стилистикаялъул хӀакъалъулъ лъай щвей,жамгӀияб гӀумруялда жаниб гьелъул кӀваралъул хӀакъалъулъ баянал кьей,битӀунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизаби,лъималазул рагӀул нахърател бечелъизаби.

## 5-11 классазда авар мацӀалъул гӀуцӀи



Рахьдал мацӀалъул программаялда рекъон,5-11 классазда цӀалдохъабазда малъизе ккола фонетика,графика,лексика,рагӀи лъугьин,грамматика(морфология.синтаксис).

Гьединго цӀалдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мацӀалъул хӀакъалъулъ гӀаммал гӀелмиял баянал. ЦӀалдохъаби ругьунлъизе ккола битӀун хъвазе,битӀун цӀализе,калам гӀуцӀизе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Авар мацӀалъул материал гьадин бикьун буго:

5,6,7 классазда малъула фонетика,лексика,рагӀи лъугьин,морфология ва битӀунхъвай.

Синтаксис лъазабула 8-9 классазда.Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул




хlакъалъулъ бищун гlадатал (авалиял) баянал 5 классалдаго кьола,морфологияб курс синтаксисалъул кьучlалда лъазабизе,калам цебетlезабиялъул ва пунктуациялъул хlалтlаби гьаризе рес букlине.Гьел церехун рехсарал рахъазул хал гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьочlое босун, «Лексика», «Рагlи лъугьин», «Предметияб цlар» гlадал темаби 5 ва 6 классазда, «Глагол» 5,6 ва 7 классазда кьун руго. «Битlараб ва хъвалсараб калам» абураб тема 5 ва 9 классазда малъулеб буго. Хутlарал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва гlатlидго,гьединго программаялда дандчlвала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби гlатlидго малъизе ккола.
Программаялда тlолабго материал кьун буго,лъималазул гlелазул хаслъабиги хlисабалде росун.
Программаялда кьурал темабазе сагlтал рикьун руго мисалияб къагlидаялъ ,учителасул ихтияр буго мустахlикъаблъун бихьараб бакlалда сагlтазул хиса-баси гьабизе,ай,цо темаялдаса тlаса рахъун, хlажатаблъун бихьулеб цогидаб тема малъиялъе цlикlкlинаризе.

## Цlалдохъабазул калам цебетlезаби ва гьел пасихlго цlализе ругьун гьари.

Школалда авар мацl малъиялъ цlалдохъабазул логикияб пикру ва калам цебетlезабула.
Калам цебетlезабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.
Тlоцебесеб нух буго авар мацlалъул дарсазда лъималазул рагlул нахърател бечед гьаби.
Авар мацlалъул дарсазда лъималазул рагlул нахърател бечед гьабула батlи-батlиял словариял хlалтlабаздалъун,учебникалда ругел ругьунлъиялъул хlалтlабазул текстаздалъун,кlалзул ва хъвавул изложениязадалъун,сочинениязадалъун. Цlалдохъабазулгун словарияб хlалтlи гьабулелъул,гьел жалго жидедаго чlун,ричlчlуларел рагlаби ратизе,гьезул магlна учителасда гьикъизе ругьун гьари,словараздаса битlун пайда босизе лъай-бищунго кlвар бугел хlалтlабилъун ккола.
Кlиабилеб нух буго авар литературияб мацlалъул рагlаби лъугьинарулелъул,гьел дандраялъул,предложениял гlуцlиялъул,битlун цlалиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.Гьеб рахъалъ программаялда жиб-жиб темаялъул кlиабилеб пункталда гъоркь чlванкъотlун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги, гьезухъа лъугьине кколеб бажариги.

Лъабабилеб нухги буго авар мацlалъул дарсазда батlи-батlияб темаялъул ва жанралъул материалазда тlасан цlалдохъаби кlалъазе ругьун гьари.

Калам гlуцlизе цlалдохъаби ругьун гьариялъе лъикlалан заманги бихьизабун буго.( Авар мацlалъе рихьизарурал сагlтазул щуго бутlа гьабун цо бутlа).Калам гlуцlизе ругьун гьари цlикlкlараб кlвар бугеб иш бугелъул,гьелъие мацlалъул программаялда жиб-жиб классалъе батlаго темабиги кьун руго.

Цlалдохъанасда лъазе ккола тексталда тlад хlалтlизе,гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва гlатlидаб план гlуцlизе,гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, бицунги хъванги изложение тlобитlизе.

Авар мацlалъул дарсазда кlвар кьезе ккола цlалдохъабазул кlалзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие гlоло цlалдохъаби тlамизе ккола батlи-батlиял темабазда тlасан кlалъазе.

Тlолабго лъагlалида жанир гьарурал хlалтlабаздалъунги, изложениялдалъунги,сочинениялдалъунги цlалдохъабазулъ битlараб кlалзул ва хъвавул калам гlуцlиялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби тlаса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва гlелмияб рахъалъан данде кколел рукlине ккола.

Цlалдохъабазул калам цебетlезабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандчlвалел гlунгутlаби ва гъалатlал тlагlинаризе квербакъула.

Цlалдохъабазул калам цебетlезабиялда бухьараб буго пасихlго цlализе лъазабиялъул ишги.

Пасихlго цlалиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе,художествиял текстал(хабар,маргьа,кечl) росула.

Пасихlго цlализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги кlудияб кlвар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебетlезабизе.

Битlунхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, батlи-батlияб тайпаялъул (гlинзулаб,берзулаб,кантlизариялъулаб,баян гьабиялъулаб,творческияб гlадал) диктантал гьарун.

Контролияб диктанталъе цо дарсил лъикlалан заман кьезе кколеб батани,битlун хъвазе ругьун гьариялъе ругел батlи-батlиял диктантазе дарсил цо бутlа кьуниги гlезе буго.

Диктантазе росулел текстал къваригlарал орфограммабазул рахъалъ бечедал рукlине ккела. Гьединаб къокъаб диктант кlиго анкьида жаниб цо нухалдагlаги гьабуни лъикl букlина.

Учителасе кумекалъе программаялъул ахиралда хъвавул хlалтlабазул (диктантазул,изложениязул,сочинениязул) къадар бихьизабураб таблица кьун буго.

## Авар мацӏалъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен.

Школалда цӏалдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мацӏ. Гьединлъидал щулияб бухьен букӏине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб кӏвар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мацӏалъул цо-цо хаслъи цебечӏезабизе, рагӏаби хӏалтӏизариялда. Грамматикиял формабазда,батӏи-батӏиял синтаксисиял гӏуцӏабазда,тексталъул бутӏабазул ва предложениязул бухьеналъул къагӏидабазда,калам хӏалтӏизабиялъул батӏи-батӏиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

Кӏудияб кӏвар буго гӏурус мацӏалъулгун бухьен кквеялъулги.Гьелъги рес кьола кӏиябго мацӏалъул грамматикиял гӏаммал ва хасал рахъал чӏезаризе,ай,цого классалда гьеб кӏиябго мацӏ лъазабулелъул, гьезул данде кколелги ккоралелги рахъазул хӏисаб гьабун,дарс кьей чара гьечӏеб методикияб къагӏидалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къватӏисеб пачалихъалъул мацӏалъул хӏакъалъулъги.

## 5 классалъул цӏалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тӏалабал.

### 5 классалъул цӏалдохъабазда лъазе ккола:

рагӏул битӏараб ва хъвалсараб, гӏемер ва цо магӏна букӏин, омонимал, синонимал ва антонимал;
фонетикияб, морфологияб ва рагӏул гӏуцӏиялъул разбор гьабизе;
батӏи-батӏиял тайпабазул гӏададатал преложениял гӏуцӏизе;
гӏададатал предложенияздасан союзаздалъунги союзал гьечӏогоги журарал предложениял гӏуцӏизе;
учебниказда кьурал схемабазда рекъон, предложениял гӏуцӏизе;
аслуялъулъ хиси кколел предметиял цӏаразул гӏемерлъул форма битӏун лъугьинабизе.

### Цӏалдохъабазухъа бажаризе ккола:

### Орфографиялъул рахъалъан:

гӏадамазул ва географиялъул цӏаразул; къватӏазул,байданазул ва пачалихъиял байрамазул цӏаразул бетӏералда кӏудияб хӏарп хъвазе;
тӏахьазул,газетазул,журналазул,суратазул,кинофильмабазул,литературиял асаразул цӏаразул бетӏералда кӏудияб хӏарп хъвазе ва кавычкаби лъезе;
журарал рагӏаби битӏун хъвазе;
кули,нус,муч, хӏуби ва хӏор гӏадал рагӏаби битӏун падежазде сверизаризе;

### Пунктуациялъул рахъалъан;

Хитlабазулъ лъалхъул ишараби лъезе,
журарал предложениязулъ запятаял лъезе;
тайпа цоял членазулъ ва битlараб каламгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе;

### Орфоэпиялъул рахъалъан;

Геминатал ва лабиалиял гьаркьал битlун рахъизе; бакlалъул диалекталде дандеккун литературияб мацlалъулъ ругел батlи-батlиял гьаркьал битlун рахъизе;

### Калам гlуцlиялъул рахъалъан;

тексталъул тема ва аслияб пикру чlезабизе;
хабарияб тексталъул гlадатаб план гlуцlизе;
дурусго ва къокъго хабариял текстал рицине ва хъвазе;
бихьизабураб темаялда тlасан сочинение хъвазе;
жинцаго гьабураб хlалтlул хlакъалъулъ хабар хъвазе ва бицине;
информацияб тайпаялъул кагъат хъвазе;
жиндирго пикру баянго, дурусго бицине, берцинго хъвазе, хlажат гьечlеб такрарлъи биччангутlизе, жиндирго каламалъулъ лексикиял синонимал хlалтlизаризе;



## 5-9 классазда авар мацlалъе къиматал лъезе чlезарурал нормаби.

### 1. Кlалзул жавабазе къимат кьолеб куц

Рокъоб кьураб параграф гьикъи ккола цlалдохъабазул лъай борцунеб цо къагlида.
Цlалдохъанасул жавабалъе къимат кьолелъул, хlисабалде босизе ккола;
а) жаваб битlараб ва тlубараб букlин;
б) малъараб материал лъаялъул даража;
в) жавабияб калам битlун гlуцlизе бажари;

Цlалдохъанас гlатlидго кьолеб жаваб букlине ккола магlнаялъул рахъалъ хадуб-цебе рекъонккараб, цlехолеб тема рагьулеб. Гьелъ бихьизабизе ккола мухlканго определение кьезе ва гьеб кьучlаблъун гьарулел чlванкъотlарал мисалал рачине бажарулеб куц.

Масала,гьесда тlадаб буго учителасул тlадкъаялда рекъон, кинал рукlаниги грамматикиял гlаламатал ратизе, предложениялда(тексталда) ругел грамматикиял формабазе баян кьезе, теориялдаса, малъарал баяназде мугъги чlван, пикру кьучlаб букlин чlезабизе.

Гьел шартlалги хlисабалде росун, кlалзул жавабазе къимат лъезе ккола гьал нормабазда рекъон:

«5» къимат лъола,мухlканго,гlураб гъварилъиялда малъараб материал цlалдохъанас бицунеб ва мацlалъул гlелмиял баяназе битlараб определение кьолеб бугони, гьединго цlехолеб материал тlокlкlун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун,тlехьалда ругел гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жавабияб пикру кьучlаблъун гьабизе кlванани,ва гьеб битlараб литературияб мацlалъ хадуб-цебе рекъезабун, бицине бажарани.

«4» къимат лъола щуйил къиматалъе мустахlикъаб, амма магlнаялъулъ яги хадуб-цебе рекъон бачlиналъулъ цо-кlиго гъалатl яги бицадулъ цо-кlиго сакъат ккараб жавабалъе.

«3» къимат лъола цlехолеб материал аслияб куцалъ цlалдохъанасда бичlчlун ва лъан букlин бихьизабулеб, амма, определение кьолаго яги битlунхъваялъул къагlида бицунаго, гlунгутlаби риччараб, тlубараб мухlканлъи гьечlеб, жиндирго мисалалги рачун, гlураб гъварилъиялда пикру кьучlаблъун гьабизе кlвечlеб, бицалъги ва хадуб-цебе рекъонккеялъулъги гъалатlал тlатараб жавабалъе. «3» къиматалъ бихьизабула хадуб бачlунеб материал бичlчlизе гlураб даражаялъул лъай цlалдохъанасул букlин.

«2» къимат лъола, малъараб материалалъул цlикlкlунисеб бутlа цlалдохъанасда лъалеб батичlони, определение кьолелъул, битlунхъваялъул къагlида бицунелъул, гьезул магlна хисулел гъалатlал риччани, бакl-баклалде кlанцlун, бигъа-бетизабун бицунеб бугони.

«2» къиматалъ чlезабула хадуб бачlунеб материал бичlчlизе гlураб лъай цlалдохъанасе щун гьечlолъи.

«1» къимат лъола, цlалдохъанасул жавабалдасан тlолабго малъараб материалалдасан гьесда бичlчlараб ва лъараб жо гьечlолъи бихьулеб бугони.

Цlалдохъанасе «5», «4», «3», къимат лъезе бегьула, лъай борцине цеве вахъинавураб мехалъ гуребги, тlолабго дарсил заманалъ гьес битlун кьурал жавабазухъги щвараб теориялъул лъаялдаса пайда босизе бажарулеб букlин баянлъидалги.

## Диктантазе къимат лъолеб куц

Диктанталъе босизе лъикIаб буго цого магIнаялъул хабарияб текст. Гьеб букIине ккола цIалдохъабазда бигьаго хIасил бичIчIулеб, бацIцIадаб литературияб мацIалда хъвараб асар яги гьелъул санагIатаб цо бутIа. Диктанталъул букIине кколеб кIодолъи рагIабазул къадар) кьун буго таблицаялда.

Цо пуланаб темаялда тIасан тIобитIулеб контролияб диктанталъе босизе ккола гьеб темаялда малъарал битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидабазда хурхараб 2-3 мисал гъорлъ бугеб текст. Цебеккун гьеб классалда малъарал битIунхъваялъул аслиял къагIидабазда тIасанги 2-3 орфограмма( битIун хъвазе кколел рагIул бутIаби, хIарпал) кьезе ккела. Цересел классазда малъаралги дандекъан, кинабниги битIунхъвазе ва лъалхъул ишараби лъезе кколеб бакI цо диктанталда жаниб цIикIкIине бегьуларо гьаб къадаралдаса.

| Класс | Орфограммаби (битIун хъвазе кколел рагIаби) | Лъалхъул ишараби |
| --- | --- | --- |
| 5 класс | 10 | 2-3 |
| 6 класс | 14 | 3-4 |
| 7 класс | 18 | 4-5 |
| 8 класс | 20 | 10 |
| 9 класс | 20 | 15 |

ХIасилалъул диктанталъул тексталде гъорлъе рачине бегьуларо, 2-3 дарсиданиги тIад хIалтIун, гIураб къадаралда щулалъизаричIел цIималъарал орфограммал.

ТIоцебесеб четверть лъугIизегIан, диктантазул кIодолъи букIина цебесеб классалъул роцада.

Цо хасаб тема лъималазда лъан бугищали хал гьабизе тIобитIулеб диктанталда рукIина гьеб темаялда малъулел аслиял орфограммал яги лъалхъул ишараби, гьединго цебеккун цIалдохъабазе щвараб лъаялъул кIодолъи борцунеб материалги.

Бащадаб лъагIалил ва лъагIалил ахиралда тIоритIула малъанщинал темабазда тIасан хIасилалъул диктантал. Гьез борцуна цIалдохъабазе щвараб лъай.

Диктанталъул хал гьабулелъул, ритIизарула, амма къиматалъе рикIкIунаро битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ риччарал гьадинал гъалатIал:

1.Школалда малъуларел битIунхъваялъул къагIидаби цIуничIолъиялъ ккарал.
2. Жеги малъичIел къагIидабазда тIасан ккарал.
3. БитIунхъваялъул хасал къагIидаби гьечIел рагIабалъ ккарал
4. Авторас жиндиего бокьухъе лъурал лъалхъул ишараби цIуничIолъиялъ ккарал
5.РагIи бикьун цIияб мухъиде босиялъулъ ккарал. РикIкIинчIого, ритIизарун тола абулареб къагIидаялъ рагIул гьаркьилаб халип хисизабулел, цIалдохъанасда жидер битIунхъвай лъалел рагIабазулъ ккарал гъалатIал: сасулъ (салулъ), рокьоса( рокъоса),бацIицIа(бацIица).

Диктантазе къимат лъолелъул, гьединго хIисабалде босичIого гIоларо гъалатIазул кIодолъи-гьитIинлъи. БитIунхъваялде рагIад рехизабуларел гьитIинал гъалатIал хIисабалде росула ва кIиго гьитIинаб гъалатI къиматалъе цо гъалатIалъул бакIалда рикIкIуна.

ГьитIиналлъун рикIкIуна гьадинал гъалатIал:

1. БитIунхъваялъул къагIидабазе мутIигIлъуларел рагIабазулъ ккарал;
2.Журарал хасал цIаразулъ, гьединго цогидал миллатазул хасал цIарал хъвалелъул ккарал;
3.гIадин,гIадаб,гIоло абурал рагIаби рекIун хъвай, ракIгьезе,берчIвазе,хIалтIизабизе гIадал глаголал кIиго рагIудалъун хъвай;
4.цо лъалхъул ишараялъул бакIалда цогияб лъей;
5.геминатал рихьизарулел хIарпал хъвалелъул ккарал: ссан,сси, чIчIвана, ссудана, рехxана, иццалъ ва гь.ц;
6.хадур-цере лъезе кколел лъалхъул ишарабазул цояб гьоркьоб биччай яги гьелъул тартиб цIуничIолъи.

ХIасилалъул (контролияб) диктанталда 5-ялдаса цIикIкIун хъвавулъ мекъи ккараб бакI битIизабун батани, цо къадаралъ къимат гIодобе бачуна,амма гьелъие гIоло цIалдохъанасе къадараб къимат(«2») лъезе бегьуларо. Гьединго «5» къимат лъоларо лъабго ва цIикIкIунги битIизабураб бакI бугони, гьел рахъалги (шартIалги) хIисабалде росун.

Диктанталъе къиматал лъола гьал нормабазда рекъон:

«5» къимат лъола гъалатI гьечIеб хIалтIуе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда букIине бегьула битIунхъваялъулъ биччараб 1 сакъат( гьитIинаб гъалатI) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб гIунгутIи.

Бащадаб лъагӀалил ва лъагӀалил ахиралда тӀоритӀула малъанщинал темабазда тӀасан хӀасилалъул диктантал. Гьез борцуна цӀалдохъабазе щвараб лъай.
Диктанталъул хал гьабулелъул, ритӀизарула, амма къиматалъе рикӀкӀунаро битӀунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ риччарал гьадинал гъалатӀал:
1.Школалда малъуларел битӀунхъваялъул къагӀидаби цӀуничӀолъиялъ ккарал.
2. Жеги малъичӀел къагӀидабазда тӀасан ккарал.
3. БитӀунхъваялъул хасал къагӀидаби гьечӀел рагӀабалъ ккарал
4. Авторас жиндиего бокьухъе лъурал лъалхъул ишараби цӀуничӀолъиялъ ккарал
5.РагӀи бикьун цӀияб мухъиде босиялъулъ ккарал. РикӀкӀинчӀого, ритӀизарун тола абулареб къагӀидаялъ рагӀул гьаркьилаб халип хисизабулел, цӀалдохъанасда жидер битӀунхъвай лъалел рагӀабазулъ ккарал гъалатӀал: сасулъ (салулъ), рокьоса( рокъоса),бацӀицӀа(бацӀица).
Диктантазе къимат лъолелъул, гьединго хӀисабалде босичӀого гӀоларо гъалатӀазул кӀодолъи-гьитӀинлъи.
БитӀунхъваялде рагӀад рехизабуларел гьитӀинал гъалатӀал хӀисабалде росула ва кӀиго гьитӀинаб гъалатӀ къиматалъе цо гъалатӀалъул бакӀалда рикӀкӀуна.
ГьитӀиналлъун рикӀкӀуна гьадинал гъалатӀал:

1. БитӀунхъваялъул къагӀидабазе мутӀигӀлъуларел рагӀабазулъ ккарал;
2.Журарал хасал цӀаразулъ, гьединго цогидал миллатазул хасал цӀарал хъвалелъул ккарал;

3.гӀадин,гӀадаб,гӀоло абурал рагӀаби рекӀун хъвай, ракӀгъезе,берчӀвазе,хӀалтӀизабизе гӀадал глаголал кӀиго рагӀудалъун хъвай;
4.цо лъалхъул ишараялъул бакӀалда цогияб лъей;
5.геминатал рихьизарулел хӀарпал хъвалелъул ккарал: ссан,сси, чӀчӀвана, ссудана, реххана, иццалъ ва гь.ц;
6.хадур-цере лъезе кколел лъалхъул ишарабазул цояб гьоркьоб биччай яги гьелъул тартиб цӀуничӀолъи.
ХӀасилалъул (контролияб) диктанталда 5-ялдаса цӀикӀкӀун хъвавулъ мекъи ккараб бакӀ битӀизабун батани, цо къадаралъ къимат гӀодобе бачуна,амма гьелъие гӀоло цӀалдохъанасе къадараб къимат(«2») лъезе бегьуларо. Гьединго «5» къимат лъоларо лъабго ва цӀикӀкӀунги битӀизабураб бакӀ бугони, гьел рахъалги (шартӀалги) хӀисабалде росун.
Диктанталъе къиматал лъола гьал нормабазда рекъон:
«5» къимат лъола гъалатӀ гьечӀеб хӀалтӀуе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда букӀине бегьула битӀунхъваялъулъ биччараб 1 сакъат( гьитӀинаб гъалатӀ) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб гӀунгутӀи.



«4» къимат лъола битlунхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалатl бугеб, яги битlунхъваялъулъ 1,лъалхъул ишарабазулъ 3, яги битlунхъваялъулъ цониги гъалатlги гьечlеб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалатl биччараб диктанталъе. Гьебго къимат лъезе бегьула битlунхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалатl ккун батаниги.

«3» къимат лъола битlунхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатl батараб диктанталъе, яги битlунхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 5, яги битlунхъваялъулъ цониги гъалатl гьечlеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 7 гъалатl биччараб хlалтlуе.



5 абилеб классалда «3» къимат лъезе бегьула битlунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатl бугеб диктанталъе. Гьединго «3» къимат лъезе биччала битlунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 3 гъалатl бугони.

«2» къимат лъола битlунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 8, яги битlунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 9, яги битlунхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалатl биччараб диктанталъе.

«1» къимат лъола кlийилаб къиматалъе рихьизаруралдаса цlикlкlун гъалатlал ругеб диктанталъе.

Диктанталъе къимат лъезе гъалатlал рикlкlунеб чанго батlияб къагlида бихьизабун буго. Амма щибаб къиматалъе гъалатlазул гlурхъи чlезабун буго. «4» къиматалъе гьединаб гlурхъилъун ккола битlунхъваялъул 2 гъалатl. «3» къиматалъе 4 битlунхъваялъул гъалатl,( 5 классалъе битlунхъваялъул 5 гъалатl), «2» къиматалъе 7 битlунхъваялъул гъалатl. Гьеб чlезабураб гlорхъодаса гъалатlазул къадар тlаде ани, рехсарал къиматал лъезе бегьуларо.

Диктанталда тlадеги грамматикаялъул, битlунхъваялъул, лексикаялъул тlадкъаял кьураб хlасилалъул (контролияб) хlалтlуе кlиго къимат лъола: цояб-диктанталъе, кlиабилеб-тlадкъаял тlуралъе.

## Баян.

Диктанталъе рикlкlуна грамматикиял тlадкъаял тlуралаго ккарал битlунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул гъалатlалги.

## Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе къиматал лъолеб куц:

«5» къимат лъола, гъалатl гьечlого, киналго тlадкъаял тlуран ратани.

«4» къимат лъола, киналго тlадкъаязул ункъильа лъабил бутlа битlун гьабун батани.

«3» къимат лъола,бащадалниги тlадкъаял битlун гьарун ратани.

«2» къимат лъола, бащадалдаса дагь гурони битlун тlуразарурал тlадкъаял ратичlони.

«1» къимат лъола, цlалдохъанас цониги тlадкъай тlубан батичlони.

## Контролияб словарияб диктанталъе къимат лъола гьадинаб къагlидаялъ:

«5» къимат лъола гъалатl гьечlеб диктанталъе.

«4» къимат 1-2 гъалатl биччан батараб диктанталъе.

«3» къимат лъола 3-4 гъалатl батараб диктанталъе.

«2» къимат лъола 5-ялдаса 7 ялде щвезегlан гъалатlал ккун ратани.

«1» къимат лъола 7-ялдаса цlикlкlун гъалатl батани.

## Сочинениязе ва изложениязе къимат лъолеб куц.

5- 9 классазда сочинениялги изложениялги тlоритlула цlалдохъабазул хъвавулаб калам цебетlезабиялъул программаялда рекъон. Сочинениязул ва изложениязул мисалияб кlодолъи кьун буго таблицаялда. Лъималазул хlалтlабазул кlодолъи-гьитlинлъи батlи-батlияб букlине бегьула. Гьединлъидал чlезабураб мисалияб къадаралдаса цlалдохъанасул сочинение цогун бащадалъ жеги тlадеги кlудияб яги гьитlинаб батани, учителасул ихтияр буго цо къадаралъ къимат тlаде яги гъоркье бачине. Амма кlодолъиялъухъ балагьун 5 къимат лъоларо.

Сочинениял ва изложениял хъвазариялъул кlиго мурад буго:

а) кьураб темаялда ва цебе лъураб масъалаялда рекъараб лексикаги тlаса бищун, литературияб мацlалда магlнаяб хlалтlи хъвазе бажарулеб бугищали хал гьаби;

б)грамматикиял нормабиги битlун хъваялъул къагlидабиги цlунизе лъалищали балагьи.

Гьединлъидал кинаб букlаниги сочинениялъе ва изложениялъе хадуб- цебе кlиго къимат лъола: цебесеб къимат- хlасилалъухъ ва калам гlуцlиялъухъ, хадусеб – битlун хъваялъухъ.

Кlиябго къиматалъ борцуна цlалдохъанасда авар мацl лъаялъул даража. Гьединлъидал гьел рикlкlуна грамматикаялъе лъураллъун.

Хас гьабун литературияб лъай борцине мурадалда хъвараб хlалтlи бугони, цебесеб къимат рикlкlуна адабияталъе ккараблъун.

Сочиненийлъе ва изложенийлъе къимат кьолелъул, учителас хlисабалде росизе ккола гьал рахъал:

«5» къимат лъола:.

1. Кьураб темаялдаса кьуричlеб хlасилалъул хlалтlи бугони.
2. Магlнаялъулъ гъалатl гьечlони
3. Планалда рекъараб гьеб гьечlониги,хадуб-цебе рекъон бачlараб магlна буклин
4. Хlалтlи буклине ккола бечедаб лексикаялъул,рагlи херхиналъул рахъалъ мухlканаб,предложениязул гlуцlиялъул ва гьел дандраялъул рахъалъан батlи-батlияб ресаздаса пайда босараб
5. Тексталъул мацlалъул буклуна дурусльи ва гlураб пасихlлъи. Буклине бегьула магlнаялъулъ 1 сакъатги, калам гlуцlиялъулъ 1-2 гlунгутlиги.

## Битlунхъвай.

Буклине бегьула 1 битlунхъваялъул, яги 1 лъалхъул ишараби лъеялъул, яги 1 грамматикияб гъалатl.

«4» къимат лъола:

1.Кьураб темаялдаса дагьа-макъаб гурони кьури гьечlеб магlнаялъул хlалтlухъ.
2.Аслияб къагlидаялъ хlасил битlарабги буклун магlнаялъулъ цо-цо сакъат ккун бугони.
3. Хъвараб жо хадуб-цебе рекъон бачlиналъулъ дагьа-макъал гlунгутlаби ругеб хlалтlухъ
4.Калам гlуцlизе рагlул бечелъиялдаса ва грамматикиял къагlидабаздаса гlураб къадаралда пайда босараб хlалтlухъ
5. Бицунеб жоялда рекъараб мухlканаб литературияб мацl бугони
Гьениб ккун буклине бегьула магlнаялъулъ 2 сакъат, калам гlуцlиялъулъ 3-4 гlунгутlи.

## Битlунхъвай.

Буклине бегьула битlунхъваялъул 2, лъалхъул ишараби лъеялъул 2 гъалатl, яги битlунхъваялъул 1 ва лъалхъул ишарабазул 3, яги битlунхъваялъул гъалатlго гьечlеб,лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатl, гьединго 2 грамматикияб гъалатlги.



«3» къимат лъола:

1. Кьураб темаялдаса хlасил лъикlго кьуризе биччан бугони
2. Аслияб къагlидаялъ хlасил бугони, магlнаялъулъ гlунгутlаби риччан ругони
3.Хадуб-цебе рекъон бачlиналъулъ цо-цо сакъатал ругони
4. Мукъсанабго лексикаялъул, цого тайпаялъул предложенияздасан данде гьабураб хlалтlухъ
5. Мацlалъул рахъалъан дурслъи , мухlканлъи цlунизе кlвечlеб хlалтlухъ. Хъвалеб жоялъул магlнаялъулъ 4 сакъат ва калам гlуцlиялъулъ 5 гlунгутlи ккун бугони.

Ккезе бегьула гъалатlазде цебеккунго лъималазул кlвар буссинабун бугони, «5», «4»,къиматал лъола цониги гъалатl гьечlеб, ккарабги жинцаго битlизабураб хlалтlиялъе. Гьезда гьоркьосанги цояб къимат тlаса бищи бараб буго хlалтlул бацlцlалъиялда , хатlалъул берцинлъиялда.

Диктанталдаса кlудияб ругьунлъиялъул хlалтlуе «4» къимаат лъезе бегьула, 1-2 гъалатl ккунги буклун, гьелги жинцаго ритlизарун ратании. Классалда букlа, рокъоб букlа цlалдохъанас хъвараб ругьунлъиялъул хlалтlухъ хал гьабула,гьелъие къимат лъей-лъунгутlи живго учителасул иш буго: кlвар бугелъе лъела,гьечlеб, бер щвезабун, тезеги бегьула.

Ккезе бегьулел гъалатlазде цебеккунго лъималазул кlвар буссинабичlого, тlубанго жалго жидедаго чlун, цlалдохъабаз хъварал хlалтlабазе къимат лъола гьеб тайпаялъул контролиял хlалтlабазе чlезарурал нормабазда рекъон.

## Хlасилалъулаб къимат лъолеб куц

Четверть, бащадаб лъагlел, цlалул сон лъугlулеб мехалъ, лъола хlасилалъул къимат. Гьелъ гlаммаб къагlидаялъ борцуна авар мацl цlалулаго, цlалдохъанасе щвараб тlолабго лъай, ай теориялъул баянал лъаялъул даража, лъугьараб бажари, каламалъул цебетlей, битlунхъвазе ва лъалхъул ишараби лъезе ругьунлъараб куц.

Хlасилалъул къимат лъолелъул, хlисабалде росула цереккун цlалдохъанасе лъурал къиматазги, амма аслияб къагlидаялъ кlвар кьола ахиралдехун гьесие щвараб лъаялде ва лъугьараб бажариялде.

Гьединлъидал, цохlо церехун ккарал къиматазде балагьун, хlасил гьабизе, гьоркьохъеб къимат лъезе бегьуларо.

Хlасилалъулаб къимат лъолелъул, цlикlкlараб кlвар кьезе ккола битlунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул ва калам гlуцlиялъул рахъалъ лъугьараб бажари борцине тlоритlарал хlалтlабазухъ щварал къиматазде. Гьединлъидал четверталда ( бащдаб лъагlалида) хъварал цlикlкlунисел диктантазе, сочинениязе, изложениязе къадарал «2», «1» къиматал ккун ратании, кlалзул жавабазе щварал сахал къиматазде балагьун, гьоркьохъеб хlисабалда хlасилалъулаб «3» къимат лъезе бегьуларо.

Гьалго нормабазда рекъон къимат лъола 10-11 классазда авар мацlалда хъварал хlалтlабазул битlунхъваялъеги. Гьел классазда хъвавул хlалтlиялъе лъолеб кlиябго къиматалъул цебесеб рикlкlуна адабиятальe, хадусеб битlунхъваялъе ккараблъун.

# *Авар мац1. 5 класс.*

| № п/п | Дарсил тема | Саг1ат | Словарияб х1алт1и | Наглядность | Такрар гьаби | Къо мoц1 | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мац1 ва инсан .<br>Раг1ул г1уц1и, к1ирекъарал х1арпал. | 1 | Бихxана, биччана, бакана, буссана, реч1ч1ана, | таблица, | Каламалъул бут1аби | | |
| 2 | Каламалъул бут1аби<br>Раг1абазул дандрай. | 1 | Ях1-намус, гара-ч1вари, рик1к1ад, Рик1к1ад, рук1к1ине, | таблица, | К1ирекъарал х1арпал<br>Раг1абазул дандрай | | |
| 3 | **Контролияб диктант**<br>**Гъалат1азда т1ад х1алт1и.** | 1 | | Диктантазул мажмуг1 | | | |
| 4 | Предложение.Текст . | 1 | ч1ег1ерх1инч1, шур-шури, | таблица | | | |
| 5 | Абулеб жоялъул мурадалда балагьун , предложениезул тайпаби. Ах1ул предложение. | 1 | Бихха-хочи, бихха-бичи, бихх-бихxи, | карточкаби | Предложение | | |
| 6 | Предложениялъул членал.<br>Предложениялъул бет1ерал членал. Подлежащее, | 1 | Биxxизаби, ихх, бихъ-бихъи, бихьа-лъай, | таблица, карточкаби | Суалияб предл. | | |
| 7 | Сказуемое. Бит1араб дополнение. | 1 | | | Ах1ул предл. | | |
| 8 | **Контролияб диктант**<br>**Гъалат1азда т1ад х1алт1и.** | 1 | | Диктантазул мажмуг1 | Подлежащее<br>Сказуемое.. | | |
| 9 | Предложениялъул бет1ерал гурел членал. Определение. | 1 | Ццинбахъин, багь-багьи, багьизаби, | карточкаби | Бит1араб дополнение | | |
| 10 | Хъвалсараб дополнение. Х1ал. | 1 | ч1вай-хъвей. | | Определение. | | |
| 11 | **Изложение «Оцолги къоркъолги х1акъалъулъ».** | 1 | | Изложениязул мажмуг1. | Хъвалсраб дополнение. | | |
| 12 | Т1ирит1арал ва т1ирит1ич1ел предложениял. Тайпа цоял членалгун предложениял. | 1 | ц1вак-ц1ваки, ц1ех-рех, ц1ик1к1инаби, | карточкаби | Х1алал. | | |
| 13 | Хит1аб.Хит1абгун лъалхъул ишараби. | 1 | Рахxан, ххам, ххвел, | | Т1ирит1ич1ел предложениял | | |
| 14 | Г1адатаб предложениялъул разбор. Г1адаталги жураралги | 1 | Ч1варкь-ч1варкьи, Баккари, бакк-бакки | таблица, карточкаби | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | предложениял. | | | | | | |
| 15 | Бит1араб калам. Диалог.<br>Синтаксис ва пунктуация такрар гьаби | 1 | Ч1ег1ерх1айван, ч1ах1и-ч1ах1иял, | | Бит1араб калам Диалог. | | |
| 16 | **Контролияб диктант**<br>**Гъалат1азда т1ад х1алт1и** | 1 | | Диктантазул мажмуг1 | | | |
| 17 | Фонетика . Рагьарал гьаркьал..<br>Рагъукъал гьаркьал. | 1 | Бихъ-бихъи, | таблица | | | |
| 18 | Лабиалиял гьаркьал.ва геминатал.<br>Графика . Алфавит. | 1 | Сайигьат, гьаркьидальун, кисан, | таблица, | Рагьарал ва рагъукъал гьаркьал | | |
| 19 | Е, Ё, Ю, Я х1арпал. Ь ва Ъ.<br>Слог ва раг1и бикьун боси.<br>Ударение. | 1 | Лах1ч1ег1ераб, билбаг1араб, баг1арккараб, | таблица, карточкаби | Е, Ё, Ю, Я х1арпал.<br>Ь ваЪ | | |
| 20 | Фонетика ,графика ва орфография такрар гьаби.<br>Раг1ул фонетикияб разбор. | 1 | Гьабсаг1ат, ч1ванкъот1ун, | таблица | Ударение. | | |
| 21 | **Контролияб диктант**<br>**Гъалат1азда т1ад х1алт1и** | 1 | | | | | |
| 22 | Раг1и ва раг1ул лексикияб маг1на.<br>Цо маг1наялъул ва г1емер маг1наялъул раг1аби.<br>Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. | 1 | Пуруц1-рукьги, къебелъи, Ессарухъан, коч1охъан кьурдухъан, зурмихъан, | таблица, карточкаби | Фонетикияб разбор.<br>Раг1ул маг1на. | | |
| 23 | Омонимал.. Синонимал. Антонимал. | 1 | Гулла, х1илла, х1атта, | таблица, | Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. | | |
| 24 | Морфема –раг1ул бищун гьит1инаб маг1наяб бут1а.<br>Раг1ул ахир ва аслу. | 1 | Ццин, ицц, ц1ц1е, ц1ц1ани, | таблица, карточкаби | Рихьизе бегьуларел раг1абазул дандраял. | | |
| 25 | Раг1ул кьибил. Суффикс. | 1 | | | Раг1и хиси. | | |
| 26 | Раг1ул кьибилалъул гьаркьазул хиси.<br>Морфемика .Орфография такрар гьаби. | 1 | Хъухъанчед, зулмучаг1и, | таблица, | Раг1ул ахи рва аслу. | | |
| 27 | **Контролияб диктант**<br>**Гъалат1азда т1ад х1алт1и** | 1 | | Диктантазул мажмуг1. | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 28 | Морфология . Предметияб ц1ар. | 1 | г1исинпихъ, шиша, | таблица | Раг1ул кьибил. | | |
| 29 | Хасал ва г1аммал ц1арал.<br>Предметияб ц1арул жинс.<br>Предметияб ц1аралъул форма. | 1 | Даг1ба-раг1и, дал-дали, дандекквей, | карточкаби | Раг1ул кьибилалъулъ гъаркьазул хиси. | | |
| 30 | Предметияб ц1ар такрар гьаби.<br>**Сочинение «Их».** | 1 | Даран-базар, дару-сабаб, бет1ерч1вай, берреч1и, берккей, | таблица, | Рагьарал гъаркьал хиси. | | |
| 31 | Глагол. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал. Глаголияб ц1ар. | 1 | Сук1-сук1и, руссун, цо-цоккун | таблица, карточкаби | Хасал ва г1аммал ц1арал | | |
| 32 | Глаголалъул заманаби. | 1 | Рахъ-мухъ, х1ел-х1ели, хъвай-хъваг1ай, | таблица, карточкаби | Глагол | | |
| 33 | Г1ахьалаб ва гьанже заманалъул глаголал.<br>Глагол такрар гьаби. | 1 | | | Глаголияб ц1ар | | |
| 34 | **Контролияб диктант «Туристасе насих1ат».**<br>Араб материал такрар гьаби. | 1 | Вилълъунаго, ц1ик1к1ун, фляга, г1исинпихъ, шиша, | Диктантазул мажмуг1 | | | |
| | | | | | | | |